16 Jès anvan 16 mwa

16by16™



Timoun yo Ta Dwe Aprann Omwen 16 Jès Anvan 16 Mwa

Devlopman bon kominikasyon kòmanse nan premye ane lavi timoun nan epi li rive lwen apre timoun nan aprann kijan pou li pale. Devlopman kominikasyon gen rasin li nan entè-aksyon sosyal avèk paran yo ak lòt moun k ap pran swen timoun nan pandan aktivite chak jou yo. Kwasans pitit ou nan kominikasyon sosyal enpòtan paske li ede pitit ou konekte avèk ou, aprann langaj ak konsèp jwèt, epi li fikse etap pou aprann li epi pou gen siksè nan lekòl pi devan. Bon konpetans kominikasyon se pi bon zouti pou evite pwoblèm konpòtman epi rann li pi fasil pou jere moman fristrasyon tout tibebe ak timoun piti genyen.



Lè ou obsève premye jès timoun yo, ou kapab jwenn yon apèsi enpòtan sou devlopman kominikasyon yo. Menm ti dekalaj nan etap enpòtan kominikasyon kapab ajoute epi yo kapab gen enpak sou ritm aprantisaj pitit ou k ap difisil pou chanje pita. Rechèch yo fè avèk jèn timoun montre devlopman jès ant 9 mwa ak 16 mwa prevwa konpetans langaj nan 2 zan apre, ki enpòtan anpil paske ladrès langaj nan lekòl preskolè prevwa siksè akademik. Poutèt sa, li enpòtan pou sonje anvan 16 mwa, timoun yo ta dwe fè omwen 16 jès.

An nou konsidere fason jès yo devlope. Menmsi lòd la oswa jès presi yo ka varye lejèman, timoun yo ta dwe itilize omwen 2 nouvo jès chak mwa ant 9 mwa ak 16 mwa.

Pi Bonè Pi Bon

Ratrapaj difikilte bonè nan kominikasyon ak langaj kapab evite pwoblèm posib pita avèk konpòtman, aprantisaj, lekti ak entè-aksyon sosyal. Rechèch sou devlopman sèvo fè nou sonje "pi bonè pibon" lè nou anseye jèn timoun yo. Peryòd ki pi enpòtan pou aprann se pandan twa (3) premye ane lavi yon timoun. Trajektwa ki nan sèvo a devlope lè tibebe yo ak jèn timoun yo aprann nan rechèch ak entè-aksyon avèk moun ak objè ki nan anviwònman yo. Achitekti sèvo a ap devlope pi vit pandan peryòd enpòtan sa a epi li pi sansib pou aprantisaj nan eksperyans. Rive nan laj 3 ane, pifò nan gwo sikwi sèvo yo gentan rive nan matirite, epi pita li vin pi difisil pou fè gwo chanjman nan trajektwa devlopman yon timoun. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade "The Science of Early Childhood Development" (Lasyans Devlopman Timoun Piti) nan Center on the Developing Child | Harvard University.







9 Mwa: Bay, Souke tèt

Lè timoun yo gen 9 mwa, premye jès yo kòmanse devlope nan aksyon yo—ak nan reyaksyon lòt moun yo. Timoun yo aprann pran yon objè anvan. Answit, lè yo kapab kontwole mouvman men yo pou yo lache ak lage yon objè, yo vin gen eksperyans nan fason paran yo kenbe men yo pou pran objè a—epi yo aprann **bay**.

Timoun yo aprann **souke tèt yo** pou endike "non" lè yo vire tèt yo lwen manje yo pa renmen epi answit lè yo gade dèyè pou wè paran yo k ap reponn lè yo retire manje timoun yo pa vle a.

Dwadotè © 2014 Florida State University. Tout dwa rezève.





10 Mwa: Lonje men, Leve men

Lè timoun yo gen 10 mwa, yo aprann **lonje men yo** nan chèche ak nan fè eksperyans avèk lòt yo, pandan y ap lonje men yo pou pran yon objè epi pou kite moun pran yo.

Pandan y ap aprann prevwa reyaksyon lòt moun yo, yo itilize yon jès lonje men kòm yon siyal—toudabò, avèk bra yo pou yo pran yon bagay, answit, avèk men yo louvri ki bay sou figi yo, epi avèk **bra yo leve** pou mande pou moun pran yo.







11 Mwa: Montre, Salye avèk Men

Lè timoun yo gen 11 mwa, yo motive pou fè lòt moun konnen sa ki enterese yo. Yo aprann kenbe ak **montre** objè pou fè lòt moun yo gade ak remake sa ki enterese yo.









Timoun yo motive tou nan eksperyans sosyal pou salye nan woutin chak jou kote moun espesyal ap vini epi prale. Yo aprann bouje men yo pou salye moun, avèk yon **siy** ki gen matirite k ap devlope pita.

12 Mwa: Louvri men, Lonje Men, Bay Ti Kou

Nan laj 12 mwa, timoun yo montre bagay avèk **men louvri** epi dwèt ekate, epi yo **tape** sou bagay avèk dwèt yo ansanm, kòm yon jès pou endike epi atire atansyon lòt moun sou bagay ki enterese yo. Jès timoun yo vin pi entansyonèl aklè epi timoun yo fè jès yo pi souvan avèk yon ensistans, epi jès yo akonpaye avèk son plenyen oswa son pawòl bonè.







Dwadotè © 2014 Florida State University. Tout dwa rezève.





13 Mwa: Bat Bravo, Fè yon bo

Lè timoun yo gen 13 mwa, yo kòmanse aprann nan obsèvasyon— lè yo obsève lòt moun ak lè yo sipòte sa y ap fè ak di. Yo aprann itilize jès, tankou **frape** men yo epi **fè yon bo**, lè yo gade ak imite lòt moun. Jès ak mo timoun yo ekspoze pou fòme vokabilè yo epi pou atire enterè yo nan aprann.

14 Mwa: Yo lonje dwèt lendèks, yo fè jès Shhh

Lè timoun yo gen 14 mwa, **yo lonje men yo avèk dwèt lendèks** yo pou montre bagay yo sou yon distans, yo fè yon siy ki endike aprantisaj yo nan obsèvasyon solid epi yo pa lwen vin yon kominikatè ki itilize senbòl. Timoun yo itilize dwèt lendèks yo tou pou yo fè jès "**shhh**". Koleksyon jès yo k ap devlope fasilite devlopman mo pale yo.













15 Mwa: Fè siy tèt, Dwèt pous anlè, Men anlè

Lè timoun yo gen 15 mwa, ou wè kèk jès senbolik tankou mo—yon **tèt leve** oswa **dwèt pous anlè** pou endike "wi", yon **siy avèk men** devan figi yo pou endike "move odè", oswa yon **men anlè** pou endike "rete tann". Kounye a jès yo montre non sèlman sou sa timoun nan ap reflechi, men tou timoun nan konnen l ap divilge lide yo ba lòt moun.







16 Mwa: Kèk lòt jès senbolik

Lè timoun yo gen 16 mwa, lòt jès senbolik ap devlope– tankou "**pa konnen**", "**papach**", oswa menm siy lapè **inivèsèl**. Kounye a, jès yo ranfòse aprantisaj mo pale yo.

Dwadotè © 2014 Florida State University. Tout dwa rezève.

Lè Timoun yo Kapab Fè 16 Jès sa se yon Etap ki Enpòtan Anpil pou Lanse Langaj ak Aprantisaj

Siveyans kwasans ak sofistikasyon jès yo ap di ou anpil bagay sou kominikasyon senbolik pitit ou—ak si pou gen enkyetid si pitit ou poko pale. Menmsi sèten jès yon timoun aprann ka pa menm selon fanmi li oswa kilti li, lè timoun nan kapab fè 16 jès anvan li gen 16 mwa sa reprezante yon etap ki enpòtan anpil pou tout timoun paske li sante yo nan di premye mo nan yon vokabilè k ap parèt lè yo gen 18 a 21 mwa. Kounye a, timoun yo gen lide ki endike tout bagay gen yon non, epi yo aprann nouvo mo yo vit.



Moman ki pi rich pou timoun yo aprann langaj bonè se lè timoun nan ak moun k ap pran swen li gen menm atansyon sou menm bagay la, epitou lè moun k ap pran swen li pale sou konsantrasyon atansyon timoun nan, pou kreye okazyon pou paran ki soti nan entè-aksyon sosyal. Si yon timoun pa itilize jès bonè sa yo, lè sa a paran an pa ka gen chans pou reponn ak swiv objektif timoun nan, ki limite okazyon timoun nan pou aprantisaj langaj ak koneksyon sosyal.

Lè jès yon timoun ap devlope ant 9 ak 16 mwa, ou ta dwe wè lòt etap enpòtan nan kominikasyon sosyal tou—itilizasyon rega fiks ak ekspresyon figi pou divilge atansyon ak emosyon, yon ritm kominikasyon k ap ogmante, avèk son ak jès, yon pi gwo kantite aksyon nan jwèt, ak yon nouvo konpetans pou konprann sans mo pale yo. Si etap enpòtan sa yo nan kominikasyon sosyal bonè pa anplas yon jan solid, li ka gen chans pou li montre langaj la. Li enpòtan pou sonje reta nan anpil etap enpòtan kominikasyon sosyal ka endike risk pou otis oswa lòt reta devlòpmantal. Si ou detekte ti eka nan ladrès pou kominikasyon sosyal bonè, ou kapab jwenn èd siplemantè pou kore devlopman pitit ou anvan reta enpòtan yo parèt aklè.

Enfòmasyon sou Seri 16 by 16™

Dokiman sa a se pati seri 16 by 16™ **Pwojè FIRST WORDS®** devlope pou ede fanmi yo ak lòt moun aprann etap enpòtan nan kominikasyon sosyal ki lanse aprantisaj langaj ak konpetans pou li ak ekri. Nou swete enfòmasyon sa yo kapab bay yon plan aksyon pou ou pou kore devlopman pitit ou bonè. Enfòmasyon sa yo kapab ede ou remake tou kèk reta bonè pou ou kapab evite pi gwo reta yo annapre. Kèk timoun ki anreta nan kominikasyon pase laj reta yo, men lòt yo bezwen plis èd pou yo rive nan limit posiblite yo.

Referans

Caselli, M. C., Rinaldi, P., Stefanini, S., & Volterra, V. (2012). Aksyon bonè ak "vokabilè" jès ak relasyon li avèk konpreyansyon ak pwodiksyon. *Devlopman Timoun*, 83(2), 526-542.

Goldin-Meadow, S., Goodrich, W., Sauer, E., & Iverson, J. (2007). Jèn timoun yo itilize men yo pou di manman yo sa yo vle a. *Syans devlòpmantal,* 10(6), 778-785.

Goldin-Meadow, S. (2007). Lonje dwèt fikse etap pou aprann langaj—ak kreyasyon langaj. *Devlopman Timoun*, 78(3), 741-745.

Hart, B., & Risley, T. R. (2003). Katastwòf bonè. *Revizyon Edikasyon*, 17(1).

Institute of Medicine and National Research Council (2012). Ant Newon ak Katye yo: Yon Mizajou: Rezime Sesyon Enfòmasyon. Washington, DC: The National Academies Press.

Iverson, J. M., & Braddock, B. A. (2011). Ladrès pou fè jès ak mouvman anrapò avèk langaj sou timoun ki gen twoub langaj. *Journal of Speech, Language, and Hearing Research*, 54(1), 72-86.

Rowe, M. L., & Goldin-Meadow, S. (2009). Diferans nan jès bonè eksplike disparite nan dimansyon vokabilè timoun nan antre lekòl. Syans, 323(5916), 951-953.

Shonkoff, J.P. (2014). Chanjman nan narasyon pou envestisman nan timoun bonè. *JAMÈ Paediatrics*, 168(2), 105–106.

Shonkoff, J.P. and Bales, S.N. (2011). Syans pa pale pou tèt li: Tradiksyon rechèch sou devlopman timoun pou piblik la ak desidè politik yo. *Devlopman Timoun*, 82 (1), 17-32.

Shonkoff, J.P. and Levitt, P. (2010). Newo-Syans ak fiti politik konsènan timoun piti: Soti nan pou kisa pou rive nan kisa ak kijan. *Newon*, 67 (5), 689-691.

(Konsèy Syantifik Nasyonal pou Devlopman Timoun, 2010). *Eksperyans bonè yo kapab chanje ekspresyon jenetik epi afekte devlopman pou anpil tan: Working Paper No. 10.* Nou jwenn sou sitwèb www.developingchild.harvard.edu

Walker, D., Greenwood, C., Hart, B., & Carta, J. (1994). Prediksyon rezilta lekòl ki baze sou pwodiksyon langaj bonè ak faktè sosyo-ekonomik. *Devlopman Timoun*, 65(2), 606-621.

Watt, N., Wetherby, A., & Shumway, S. (2006). Prediktè pre-lengwistik rezilta langaj lè timoun yo gen laj 3 zan. *Journal of Speech, Language, and Hearing Research*, 49(6), 1224-1237.

Wetherby, A., Goldstein, H., Cleary, J., Allen, L., & Kublin, K. (2003). Idantifikasyon timoun bonè ki gen reta nan kominikasyon: Validite anmenmtan ak prediktib Pwofil Devlòpmantal CSBS. *Tibebe ak Jèn Timoun,* 16, 161-174.

Wetherby, A., Watt, N., Morgan, L., & Shumway, S. (2007). Pwofil kominikasyon sosyal timoun ki gen twoub espèk otis nan dezyèm ane lavi yo. *Jounal Otis ak Twoub Devlòpmantal*, 37, 960-975.

Dwadotè © 2014 Florida State University. Tout dwa rezève.